

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Nulis mangrupa salasihiji opat kaparigelan basa anu kudu dicangkem ku siswa. Tapi, kaparigelan nulis dina basa masih loba nu teu dipaliré, antukna kaparigelan nulis masih kénéh handap dina pangajaran basa (Alwasilah jeung Senny, 2007). Saluyu jeung pamadegan Abidin (2015) dina hasil panalungtikan ku *Programme for Internasional Student Assessment* (PISA) kaayaan literasi Indonésia aya dina rengking ka-64 ti 65 nagara nu ditalungtik, béda jauh jeung nagara Viétnam anu aya di rengking ka-20.

Salasihiji kamampuh nulis anu kudu dicangkem ku siswa nyaéta nulis carita pondok, saluyu jeung KI KD SMA kurikulum 2013 revisi (2017) 4.4. *Menyusun carita pondok sederhana dengan memperhatikan struktur dan kaidah kebahasaan*, anu hartina nurutkeun silabus siswa kelas XI kudu mampuh nyusun atawa nulis carita pondok kalawan merhatikeun kasaluyuaan téma jeung eusi, organisasi eusi, sarta merhatikeun kaédah kabasaannana nu ngawengku éjahan, diksi jeung makéna basa nu bener tur merenah

Dumasar hasil *observasi* di lapangan, aya sababaraha bangbaluh anu karandapan siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung, nyaéta kurangna merhatikeun ngeunaan struktur carpon nu dijerona ngawengku kasaluyuan téma jeung eusi, organisasi eusi, sarta merhatikeun kaédah kabasaannana nu ngawengku éjahan, diksi jeung makéna basa, anu antukna siswa kurang parigel dina nulis carita pondok basa Sunda.

Paktor nu ngabalukarkeun kurangna kaparigelan dina nyusun téks carita pondok, nyaéta modél pangajaran anu dipaké masih *monoton* jeung kawatesannan, siswa teu ilu biung dina prosés diajar sarta acan aya *inovasi* jeung kréativitas anu dilakonan ku guru, antukna siswa kurang parigel dina prosés pangajaran nyusun téks carita pondok. Salasihiji modél pangajaran anu ngarojong

kana kaprigelan nulis nyaéta modél *Writing Workshop*.

Sacara tioritis, aya sababaraha kaonjoyanna yén modél *Writing Workshop* mangrupa modél anu bisa ngungkulan pasualan nu karandapan, hususna nyaéta dina nulis. Dina modél *Writing Workshop* siswa bisa ngébréhkeun gagasan jeung ideuna tur ngarojong siswa sangkan leuwih aktip dina prosés pangajaran, anu dimana aya interaksi ti dua pihak nyaéta siswa-guru. Sangkan tulisan alus ogé siswa kudu dibéré bahan ajar tur dibimbing ku guru nepi ka hasil tina tulisanna hadé (Widiyanti, 2017). Saluyu jeung pamadegan Calkins jeung Harwayne (1987) yén dina modél *Writing Workshop* bisa ngaronjatkeun kaparigelan nulis, nu dimana siswa leuwih ilu biung dina proses kagiatan nulisna. Siswa leuwih mampuh milih topik bahasan nu bakal dimekarkeun dina wangun tulisan (Dorn jeung Soffos dina Abidin, 2015).

Sacara émpiris, panalungtikan saacanna ngeunaan modél *Writing Workshop* nyaéta, Novia Trisanti (2011) “Strategi Writing Workshop untuk Meningkatkan Kemampuan Menulis Paragraf Mahasiswa Jurusan Bahasa dan Sastra Inggris”, hasil tina panalungtikanna yén modél *Writing Workshop* bisa jadi salasahiji cara *alternatif* dina métode jeung téhnik pangajaran dina ngaronjatkeun nulis paragraf bahasa Inggris. Terus aya panalungtikan ku Feni Ritasari (2013) “Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun Karangan Éksposisi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Lembang”, hasilna yén modél *Writing Workshop* miboga hasil anu *signifikan* nalika saméméh jeung sanggeus dilarapkeun dina nulis karangan éksposisi saluyu jeung hasil *uji-t* na. Anu satuluyna aya Hartati (2018). “Keefektifan Model Writing Workshop Berbantuan Audio Visual terhadap Keterampilan Menulis Karangan Narasi”, dimana dumasar panalungtikanna ngagunakeun modél *Writing Workshop* dibantuan ku *audio visual* ngaronjat dina kaparigelan nulis karangan narasi, siswa leuwih aktip ku sabab modél anu dipaké henteu monoton.

Anapon sasaran dina ieu panalungtikan nyaéta sarua medar jeung maluruh ngeunaan modél *writing workshop*. Ari anu ngabédakeunna nyaéta matéri ajar,

jeung sumber data anu rék ditalungtik. Tujuan diayakeun ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngungkulan pasualan atawa bangbaluh nu karandapan ku siswa ngeunaan kaparigelan nulis, hususna dina matéri carita pondok. Ku kituna panalungtikan masih kudu ditalungtik, ku lantaran nyieun kaayaan anu kréatif jeung *inovatif* nalika prosés diajar. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa jadi stratégi pikeun mekarkeun tur ngaronjatkeun kaparigelan nulis téks carita pondok ku sabab kahontalna diajar ogé gumantung kana modél pangajaranna. Ku kituna judul panalungtikan “ Modél *Writing Workshop* dina Pangajaran Nulis Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérimén ka Kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, aya sababraha masalah anu perlu diidéntifikasi, di antarana:

- 1) kurangna kamampuh nulis carita pondok dumasar kana struktur nu ngawengku kasaluyuan téma jeung eusi, organisasi eusi, sarta kurang merhatikeun kaéadah kabasaan nu ngawengku éjahan, diksi jeung makéna basa nu bener tur meranah ;
- 2) modél pangajaran anu digunakeun can éféktif atawa masih museur ka guru diantaranya masih maké métode atawa modél ceramah.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang jeung idéntifikasi masalah, dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun jadi wangun pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023saméméh ngagunakeun modél *Writing Workshop* ?
- 2) Kumaha kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023 sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop* ?

- 3) Aspék naon waé nu ngaronjat sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop* di kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023?
- 4) Naha aya béda anu signifikan kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah nu dipedar di luhur, tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nguji éféktif henteuna modél *Writing Workshop* ka kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023.

1.3.2 Tujuan Husus

Ari sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun medar jeung ngadéskripsikeun :

- 1) kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundang 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun modél *Writing Workshop*;
- 2) kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundang 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023 sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop*;
- 3) aspék nu ngaronjat sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop* di kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023;
- 4) bédana kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundang 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban élmu

pangaweruh ngeunaan modél-modél pangajaran hususna modél dina pangajaran nulis.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun siswa, ieu panalungtikan dipiharep ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok sangkan leuwih merhatikeun struktur jeung kaédah kabasaanna, sarta siswa bisa aktip dina prosés pangajaran tur bisa méré pangaweruh dina kaparigelan nulis.
- 2) Pikeun guru, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan cara alternatip tur stratégi pangajaran utamana dina nulis carita pondok.
- 3) Pikeun sakola, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun acuan ngagunakeun modél *Writing Workshop* dina pangajaran nulis carita pondok.
- 4) Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan modél *Writing Workshop* anu bisa digunakeun di sakola séjén.

1.4 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nyaéta salasihiji hal nu dipercaya ku panalungtik salaku bebeneran nu dirumuskeun sacara jéntré. Anggapan dasar ieu panalungtikan téh nyaéta ieu di handap.

- 1) Pangajaran Carita Pondok kaasup kana *KI KD Bahasa dan Sastra Sunda kurikulum 2013 révisi 2017*.
- 2) Kaparigelan nulis kaasup kana opat kaparigelan kamampuh basa nu luyu jeung KD 4.4 *Menyusun carita pondok sederhana dengan memperhatikan struktur dan kaidah kebahasaan* nu kudu diajarkeun ka siswa SMA kelas XI.
- 3) Modél *Writing Workshop* mangrupa salasihiji modél pangajaran nulis.

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu skripsi disusun jadi lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

BAB I bubuka, anu ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan sacara umum boh husus,

mangpaat panalungtikan sacara praktis jeung tioritis, anggapan dasar sarta raraga tulisan.

BAB II ulikan tiori, anu ngawengku tiori modél pangajaran, tiori modél *Writing Workshop*, tiori nulis, tiori carita pondok, modél *Writing Worksop* dina nulis carita pondok. Tuluy medar panalungtikan saméméhna jeung hipotésis panalungtikan.

BAB III métode panalungtikan, anu ngawengku desain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instumén panalungtikan, sarta téhnik analisis data.

BAB IV hasil panalungtikan jeung pedaran, anu ngawengku kamampuh nulis carita pondok siswa saméméh ngagunakeun modél *Writing Workshop*, kamampuh nulis carita pondok siswa sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop*, aspék-aspék nu ngaronjat dina kamampuh nulis carita pondok saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop*, sarta béda signifikan kamampuh nulis carita pondok saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop*.

BAB V ngawengku kacindekkan tina hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi.